# Базон – базонтæ

Хъарм бæсты цæры уый рагæй,
У егъаудæр галæй, сагæй,
Даргъ – йæ къубал, саргъ – æрдзон,
Боцкъайы бæрц нуазы дон.
Фемпъухы йæ рагъыл алцы
Дард ранмæ цæугæйæ балцы.
Бур арсау нæ кæны реуа,
Ахæм у, хæлæрттæ…

Алкæй туг нуазы,
Алкæимæ – хыл.
Цух нæ никæй уадзы
Маргъ уа, саби, пыл.



Бындзæй – чысылдæр,
Куыдзæй –
фыдсылдæр.
Йæ тахт – фыдæрра,
Йæ фат – пысыра.

Ис ын къæрцхъустæ,
Къутутæм бырсы,
Байдзаг кæны рустæ
Сусæгхор……

Хуыккомы йæ лыстæн,
Тæккæ знагдæр у мыстæн,
Хинæйдзаг у, сайаг,
Кæркдонырдæм - уайаг.

Чъиу æмбæхстæй дзыхы дары,
Нанатыл гуымбылтæ уары,
Цыргъ сагой йæ ныхыл сагъд,
Баст æхсæвы, бон та уагъд.

Бырдæ кæны, цæугæ дæр.
Мыстау кæны хæцгæ дæр
Бон нæ тæхы, нæ уыны,
Æхсæвыгон фæзыны.

Мызд нæ куры, хæрд нæ домы,
Афтæмæй фæлдахы зæхх.
Мæр æд уидæгтæ ыстоны,
Уый цур ницы у дæ бæх.

Æнахуырстæй – хæдахуырст, Хæхтыл, кæмттыл æрбатыхст.



Даргъ лæгыл ис цыбыр рон.
Фæцæуæм ыл æрвылбон.

Йæ уынд рæсугъд, бæмбæгау – пух, Æрмæст дзы уазал фæкæны къух.

Фосмæ цыргъ йæ дæндаг дары,
У хъæхъхъаг æмæ фыдзыд.
Марын æй хъæуы уый, марын.
Рагæйдæр фыдгæнæг уыд.

Судзинрагъ – тулдзы бын
Бамбæхстис дзы
бургуыбын.
Мыстыты мæ кæлмыты
Рацахсы уый уæрмыты.

Уонк кæныгдæсæх.
Иуырдæм –
цъыввытт,
Иннæрдæм –
сыффытт.
Цæрæнуат – уæрæх.
Уæлдæф ын тæссаг.
Уыйы у?

راك

Ихæн ын – мæлæт
Æнуд ын – дзæнæт.
Чъизи ран – йæ ис.
Тауынц бæстыл низ
Къæхтæ, базыр,
фындз.
Сафинаг у…

Ленк кæны бæрзонд цъæх арвыл,
Ир цæстæй фæлгæсы дардыл
Худы мидбылты, æрмæст
Нæй, нæ йæм лæууы нæ цæст.



Бæлас нæ дæн, фæлæ арæзт дæн сыфтæй
Хæдон нæ дæн , фæлæ хуыд дæн
Адæймаг нæ дæн,фæлæ зонд амонын.